

Kay ki Fasilite Lasante – Yon Gid: Sa Pou w Konnen Anvan w Demenaje

Pou ede moun k ap achte kay oswa ki afème kay byen chwazi kay ki san danje pou lasante, gid sa a bay enfòmasyon sou:

1. Dlo potab
2. Sistèm drenaj
3. Plon
4. Radon
5. Amyant
6. Limon
7. Ti bèt
8. Monoksid kabòn
9. Kalite lè deyò a
10. Dechè toksik
11. Seri maladi

Rezime Lis Bagay pou Verifye:

✓ Poze mèt kay la kesyon sou:

- Ki kote dlo potab la soti (tiyo leta oswa pi prive)
- Si gen filt dlo oswa sistèm tretman dlo nan kay la
- Ki kote yo trete dlo drenaj la (izin piblik oswa fòs septik nan lakou a)
- Dosye pou fòs septik la, ki lè yo ponpe/enspekte l (si genyen)
- Penti ki gen plon, tiyo plon, ak laj kay la
- Tès ki te fèt pou radon
- Materyèl ki gen amyant
- Kote dlo koule oswa kote gen pwoblèm imidite
- Antretyen yo te fè nan sistèm chofaj la ak nan aparèy ki boule gaz
- Danje ki gen nan anviwònman zòn nan

✓ Fè rechèch sou anviwònman an:

- Kalite dlo potab la
- Kalite lè deyò a
- Dechè toksik
- Fil kouran wo tansyon ki nan zòn nan

✓ Panse ak fè teste lakay ou pou:

- Kalite dlo a (si se pi prive)
- Plon
- Radon
- Amyant (si sa nesèsè)

Dlo Potab



Ki kote dlo potab mwen soti?

- Sistèm dlo piblik yo bay anpil moun dlo regilyèman. Yo sèvi anviwon 90% abitan Massachusetts yo.
- Lòt abitan sèvi ak pi prive. Pi prive bay mwens moun dlo (jeneralman sèlman yon kay).



Èske dlo leta m bwè a pa gen danje?

Selon lalwa, founisè dlo leta yo oblije teste dlo a regilyèman pou mikwòb ak lòt bagay ki ka kontamine l. Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal Massachusetts la (MassDEP ann anglè) asire l founisè yo konfòme yo ak prensip standa ki wo nivo pou dlo.



Èske dlo ki nan pi prive mwen san danje?

Pi prive ka kontamine akòz sibstans natirèl (pa egzanp, mikwòb, radon, asenik), izin ki gen nan zòn nan, depotwa, dlo drenaj ki soti nan vil, oswa aktivite rezidansyèl (pa egzanp, angren). Gen kèk bagay toksik ki ka kontamine dlo ki pa gen ni gou, ni sant, ni koulè. Se mèt kay la ki responsab pou l teste pi prive l.



Ki sa m ka fè?

1. Si kay la gen tiyo leta, chèche enfòmasyon sou kalite dlo a:
 - Rapò sou Konfyans Konsomatè: <http://water.epa.gov/drink> oswa rapò depatman dlo ki nan zòn ou oswa founisè dlo a bay.
2. Si kay la gen yon pi prive, fè teste dlo a anvan w achte oswa anfème kay la. Chèche enfòmasyon sou tè s dlo nan men MassDEP nan <http://www.mass.gov/eea/agencies/massdep/water/drinking/protect-your-family-a-guide-to-water-quality-testing-f.html>



Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

1. Massachusetts Department of Environmental Protection (Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal Massachusetts):
 - Program.director-dwp@mass.gov, 617-292-5770
 - www.mass.gov/eea/agencies/massdep/water/drinking/
2. U.S. Environmental Protection Agency (U.S. Òganizasyon Pwoteksyon Anviwònmanal):
 - Liy Telefòn Dlo Potab San Danje: 1-800-426-4791
 - <http://water.epa.gov/drink>

Sistèm Drenaj



Ki sa yon sistèm drenaj ye?

Anviwon 1 kay sou 4 nan Massachusetts gen yon sistèm pou dlo dechè yo nan lakou a (sistèm drenaj). Gen lòt kay ki itilize sistèm drenaj leta a. Sistèm drenaj septik sèvi ak tè ki nan teren liksiviyasyon an pou trete e jete dlo drenaj kay la.



Ki siy ki endike sistèm septik la gen pwoblèm?

Se responsablite mèt kay la pou fè antretyen ak reparasyon nan sistèm septik li a. Siy ki endike yon sistèm septik gen pwoblèm gen ladan yo:

- Dlo dechè ap dòmi nan lakou a (anwo teren liksiviyasyon an), sitou apre gwo lapli
- Plant ki vèt ki byen anfòm ki pouse nan tè a (anwo teren liksiviyasyon an)
- Dlo drenaj nan kay la tounen ankò, twalèt la oswa evye desann dousman, oswa gen sant twalèt



Ki danje ki gen nan sistèm septik ki gen pwoblèm?

Yon sistèm septik ki gen pwoblèm ka kontamine dlo potab la, li ka gaye maladi, epi l ka fè anviwònman an mal. Epitou, li ka bese valè kay la epi koute chè pou repare.



Ki sa m ka fè?

1. Mande mèt kay la si kay la itilize yon sistèm septik. (Li pwobab yon kay ki gen yon pi prive itilize yon sistèm septik tou.) Si se sa:
 - Chèche e egzamine kopi Rapò Enspeksyon Sistèm Tit 5 lan.
 - Chèche konnen ki kote sistèm septik la ak teren liksiviyasyon an ye. Pa dwe gen pyebwa, machin, ak dlo drenaj (pa egzanp, dlo k ap soti sou do kay la) nan teren liksiviyasyon an
 - Mande dosye sou lè yo te ponpe/enspekte sistèm nan. Yo dwe ponpe fòs septik omwen chak 3 an oswa selon sa Konsèy Sante ki nan zòn nan egzije. Ranplase sistèm septik la si sa nesesè. Se sèlman yon Enjènè Pwofesyonèl (PE ann anglè) MA oswa yon Sanitè Anrejistre (RS ann anglè) ki gen dwa kreye nouvo sistèm.
 - Rele Konsèy Sante ki nan zòn nan (otorite prensipal pou sistèm septik) pou asire yo te depoze e egzamine tout fòmilè Tit V anrapò ak fòs septik.



Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

1. MassDEP: <http://www.mass.gov/eea/agencies/massdep/water/wastewater/septic-systems-title-5.html>
2. EPA: <https://www.epa.gov/septic>
3. Kontakte Konsèy Sante ki nan zòn nan pou w jwenn enfòmasyon sou sistèm septik.

Plon



Ki jan plon afekte lasante?

Plon se yon metal ki ka domaje sèvo a, ren yo, ak sistèm nève a. Timoun piti ak fanm ansent pi vilnerab devan efè plon gen sou sante moun.



Ki jan m ka ekspoze ak plon?

1. **Penti** nan pifò kay ki fèt anvan 1978 gen plon. Penti k ap soti oubyen k ap dekale, oswa pousyè penti akòz renovasyon ka lakòz moun ekspoze ak plon.
2. **Dlo potab** ka kontamine ak plon nan 1) tiyo oswa travay plonbri ki nan kay la, 2) nan tiyo ki lye yon kay ak manman tiyo ki nan lari a.
3. **Tè** ka kontamine ak plon si l toupre ansyen konstriksyon ki gen penti plon pa deyò, wout (paske yo te konn itilize gaz ki gen plon), oswa sous endistriyèl.



Ki sa m ka fè?

1. Penti ki gen plon:

- Fòk mèt kay la di w si l konnen gen danje penti plon, ki enspeksyon ki te fèt, ak enfòmasyon sou konfòmite ak règ pou kay ki te fèt anvan 1978 yo0. Si yo pa t teste kay la e li te fèt anvan 1978, fè yo teste kay la.

2. Dlo potab:

- Fè yo teste dlo a.
 - Mande depatman dlo ki nan zòn nan pou tiyo ki nan zòn kay la ak tiyo ranplasan pou tiyo ki gen plon.
 - Si kay la pou ou, panse ak ranplase tiyo plon yo.
3. **Tè:** Fè yo teste tè a oswa panse ak fason pou redui jan w ekspoze (pa egzanp, sèvi ak tè nèf nan bokal pou legim ak sab ki pwòp nan bak sab pou timoun jwe deyò a).



Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

1. EPA: www.epa.gov/lead
2. MDPH Childhood Lead Poisoning Prevention Program (Pwogram Prevansyon pou Timoun Anpwazonnen ak Plon): 1-800-532-9571
 - www.mass.gov/dph/clppp
 - www.mass.gov/dph/lead-sources
3. Lwa MA sou Plon: <http://www.mass.gov/eohhs/gov/departments/dph/programs/environmental-health/exposure-topics/lead/lead/>
4. MA EPHT (Kontwòl Sante Piblik Anviwònman): https://matracking.ehs.state.ma.us/Health-Data/Childhood_Blood_Lead_Levels.html (Gade “Community Progress Report” oswa Rapò sou Pwogrè Kominotè)
5. MassDEP: www.mass.gov/eea/agencies/massdep/water/drinking/

Radon



Ki sa radon ye?

Radon se yon gaz ki envizib, ki pa gen sant, e ki gen radyasyon. Gaz radon an monte sot nan tè a e li ka antre nan kay la nan fisi ki nan fondasyon an. Anndan yon kay, gaz radon an ka antre nan lè ou respire a epi l kole la a. Byenke pifò gaz radon ki nan yon kay soti nan sòl la, li ka antre nan lè a tou grasa dlo pi ki nan kay la.



Èske m ekspoze ak radon?

An mwayèn, 1 sou 4 kay nan Massachusetts gendwa gen wo nivo radon nan lè a. Sèl fason pou konnen si yon kay gen wo nivo radon se teste l. Si yon kay gen wo nivo radon, gen fason pou redui radon an pou l nan yon nivo ki pa danjere.



Èske radon ka gen yon efè sou sante m?

Radon se 2yèm pi gwo koz kansè poumon Etazini apre fimèn sigarèt. Ou gen plis chans pou w fè kansè poumon si w ekspoze ak wo nivo radon pou yon bon bout tan. Danje a pi gwo lontan pou moun ki fimèn.



Ki sa m ka fè?

1. Mande mèt kay la si yo te teste kay la pou radon.
 - Si wi, mande l yon kopi rezilta a.
 - Si non, fè teste radon ki nan lè a nan kay la.
2. Si nivo lè a wo e w pral itilize yon pi prive, fè teste pi a tou.
3. Rele Depatman Radon ki nan MDPH pou w jwenn enfòmasyon sou tè ak solisyon.



Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

1. Massachusetts Department of Public Health (Depatman Sante Piblik Massachusetts)
 - Radon Unit (Depatman Radon): 1-800-723-6695
 - Fèy Ransèyman sou Radon:
<http://www.mass.gov/eohhs/docs/dph/environmental/iaq/radon-fact-sheet-2016.pdf>
 - MA Environmental Public Health Tracking (Kontwòl Sante Piblik Anviwònmanal MA): <https://matracking.ehs.state.ma.us/Environmental-Data/radon/index.html>
2. U.S. Environmental Protection Agency (U.S. Òganizasyon Pwoteksyon Anviwònmanal)
 - <https://www.epa.gov/radon>

Amyant

Ki sa amyant ye?



Amyant se yon fib mineral yo te konn itilize kòm izolan e pou pwoteje kont dife nan konstriksyon. Ou ka jwenn amyant nan sèten kalite vinil yo konn mete atè a, nan bado yo mete sou do kay, nan penti ki gen teksti, ak nan izolan ki nan mi, nan plafon, nan tiyo vantilasyon, ak nan tiyo. Jeneralman kay ki fèt apre dènye ane yo nan deseni 1970 la gen mwens materyèl ki gen amyant.



Ki jan m ka fè ekspoze ak amyant?

Ou ka ekspoze ak amyant si gen materyèl ki gen amyant ki brase oubyen ki domaje. Sa ka rive pandan konstriksyon, reparasyon, renovasyon, ak itilizasyon pwodui. Aktivite sa yo ka lache fib amyant yo pou yo antre nan lè a, apre sa moun ka respire yo (inale yo).



Èske amyant pral gen yon efè sou sante m?

Respire amyant ka mennen nan mesotelyòm, kansè nan poumon ak nan bwonch, oswa maladi poumon. Ou gen plis chans pou w malad si w ekspoze ak wo nivo amyant pandan anpil tan. Gen plis danje pou moun ki fimèn.



Ki sa m ka fè?

1. Mande mèt kay la si yo te enspekte kay la pou amyant.
 - Si wi, mande l yon kopi rezilta a.
 - Si non, bay yon enspektè amyant fè l si gen domaj nan materyèl kay la oswa si w pral fè renovasyon. Ou pa bezwen fè enspekte kay la si materyèl yo nan bon kondisyon e w pap deranje yo.
2. Si gen materyèl ki gen amyant ki domaje, pwofesyonèl ki lisans nan amyant ka retire yo e fè reparasyon. Evite zòn nan epi pa pase aspiratè oubyen bale pousyè.



Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

- U.S. Environmental Protection Agency (U.S. Òganizasyon Pwoteksyon Anviwònmanal) <https://www.epa.gov/asbestos>
- 2. Massachusetts Department of Environmental Protection (Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal Massachusetts)
 - <http://www.mass.gov/eea/agencies/massdep/air/programs/answers-to-common-asbestos-questions.html>
- 3. Massachusetts Department of Labor Standards Asbestos Program (Pwogram Amyant Depatman Regleman Travay Massachusetts)
 - <http://www.mass.gov/lwd/labor-standards/asbestos-safety/>

Limon



Ki sa limon ye?

Limon se yon kalite djondjon ou ka jwenn prèske nenpòt kote. Limon bezwen imidite pou l pouse. Imidite ka soti nan lapli, dlo ki koule, inondasyon, evye ki ranvèse, ak rad mouye.



Ki efè limon gen sou sante moun?

Si yon moun touche oubyen respire limon, sa ka lakòz yon reyaksyon alèji, atak asmatik, ak iritasyon (je, po, nen, gòj, ak poumon). Pafwa sèten limon ka lage sibstans ki gendwa toksik.



Ki jan m ka detekte limon?

Siy ki endike gen twòp limon gen ladan yo:

- Ou wè limon k ap pouse (nwa, blan, vèt, oranj, oswa lòt koulè)
- Sant limon ak sant mwazi
- Dlo koule, koulè chanje, bwa k ap pouri, planch ki atè oubeyn ki nan mi yo ap tòde, oswa anpil imidite nan kay la
- Dlo dòmi bò fondasyon kay la



Ki sa m ka fè?

1. Mande mèt kay la si l konnen te gen dlo ki t ap koule oswa si te gen pwoblèm imidite.
2. Ou pa bezwen fè teste kay la pou limon nan lè a. Gen yon tikras limon tout kote, e pa gen nòm pou jije si nivo limon ki nan lè a akseptab oubyen non.
3. Olye de sa, chèche siy ki endike dlo koule oswa gen domaj dlo nan kay la. Bat pou w pa respire oswa touche okenn limon.
 - Yon ti kantite limon sou sifas, tankou sou seramik nan twalèt la, pa difisil pou retire, jeneralman.
 - Si gen anpil limon, li pwobab sa t ap mande plis tan ak lajan pou repare l.



Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

1. EPA: <https://www.epa.gov/mold>
2. MDPH: <https://www.mass.gov/mold-moisture-and-mildew>
3. MDPH Asthma Prevention and Control Program (Pwogram Prevansyon ak Kontwòl Asm MDPH): <https://www.mass.gov/asthma-prevention-and-control>

Ti Bèt



Ki sa ti bèt ye?

Gen anpil diferan kalite ti bèt ki ka nui sante moun e/oswa domaje espas kote yo viv la. Ti bèt ki komen gen ladan yo sourit/rat, ravèt, founi, ak mit. Espas ki imid atire ti bèt ki ka fleri atravè yon kay, nan kabann, nan twal ki kouvri mèb, ak ann kapèt. Jeneralman yon flewo se yon gwo kantite nan yon sèten kalite ti bèt nan kay la.



Ki efè ti bèt gen sou sante moun?

Efè ti bèt ka gen sou sante moun varye anpil, soti nan grate w kote l te pike w rive nan maladi ki ka touye w. Kèk ti bèt, tankou sourit/rat, ka pote parazit ki lakòz maladi epi yo ka transmèt yo bay moun lè yo mode yo oswa yo gen kontak dirèk avè yo. Twalèt ti bèt ak pati nan kò ravèt, mit, ak lòt ti bèt ka fè moun fè atak asmatik, reyaksyon alèji, oswa iritasyon.



Ki sa m ka fè?

Premye e pi bon kote pou w kòmanse metrize ti bèt se anpeche yo antre nan kay la. Men kèk pratik de baz pou anpeche ti bèt:

1. Retire manje devan yo. Byen fèmen tout bokal ak sachè ki gen manje ak moso manje. Netwaye tab, atè a, plaka, ak poubèl regilyèman.
2. Retire sa k lakòz dlo koule. Repare tiyo ki koule, ranplase bagay dlo te gate, epi pa kite dlo dòmi okenn kote nan kay la.
3. Retire kote yo ka abrite yo. Evite gen yon pakèt bagay dèzòd (pa egzanp, pil katon) epi sele fant ak ti jwen kote ti bèt ka antre, kache, e peple. Ti twou ki sèlman mezire $\frac{1}{4}$ yon pous sifi pou sourit antre.
4. Lave nounous, lenn, zòrye, rido, ak lòt bagay ki gen twal nan dlo cho.
5. Sèvi ak aspiratè ki gen filt HEPA pou netwaye sifas ki plat, atè a, mèb ki gen twal, ak kapèt. Siye bouch vantilasyon oswa sèvi ak yon aspiratè ki gen yon filt HEPA pou netwaye yo.

Si w oblije itilize pestisid, chèche sa k mwens danjere yo ki atenn nivo “Safer Choice Standard” (Pi Bon Chwa) EPA yo. Panse ak itilize sa k pa flite yo, tankou jèl ak solid, olye de flit ak fimigasyon. Toujou suiv enstriksyon ki sou etikèt la.



Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

1. EPA: <https://www.epa.gov/safepestcontrol/dos-and-donts-pest-control>
2. EPA Safer Choice (Pi Bon Chwa): <https://www.epa.gov/saferchoice>

Monoksid Kabòn



Ki sa monoksid kabòn ye?

Monoksid kabòn (CO senbòl chimik li) se yon gaz toksik ki soti nan aparèy ak ekipman ki boule diferan kalite gaz. Sous monoksid kabòn ki komen yo gen ladan yo machin, fou ki sèvi ak gaz, fou ki boule bwa, degajè ki bouche, chofaj ki boule kewozèn oswa gaz ki pa gen yon sistèm vantilasyon, chofaj dlo ki sèvi ak gaz, chofaj kay ki boule gaz oswa luil, jeneratris, ak machin ki koupe gazon. Moun pa ka ni wè ni pran sant monoksid kabòn.



Ki efè monoksid kabòn ka gen sou sante moun?

Respire monoksid kabòn ka lakòz senptòm ki sanble ak senptòm fyèv, tankou tèt fè mal, feblès, tèt vire, lespri bwouye, ak noze. Si yon moun respire l nan wo nivo, li ka endispoze epi l ka mouri. Si w sispèk gen wo nivo monoksid kabòn, kite kay la menm kote a epi rele 911.



Ki sa m ka fè?

1. Verifeye gen alam CO ki mache, ki sètifye, e ki gen mwens pase 5 an, atravè tout kay la. Selon lalwa, pifò kay nan Massachusetts oblije gen alam CO nan chak etaj e nan yon distans 10 pye parapò ak pòt chanm akouche. (Epitou, fòk kay gen alam lafimen ki mache.)
2. Mande mèt kay la istwa antretyen sistèm chofaj la, chofaj dlo a, fou a, degajè lafimen an, ak nenpòt lòt aparèy ki boule gaz, luil, oswa chabon. Yo dwe enspekte yo, fè sèvis ladan yo, epi netwaye yo chak ane.
3. Chwazi aparèy ki gen vantilasyon konplè (pa egzanp, chofaj ki gen vantilasyon), olye de sa ki pa gen vantilasyon.
4. Verifeye si aparèy ki boule gaz byen enstale e gen bon vantilasyon.
5. Verifeye si bouchi vantilasyon ak degajè pa gen anyen ki bloke yo (pa egzanp, nèj oubyen glas).
6. Panse ak enstale yon vantilatè anwo fou ki boule gaz ki voye lafimen an deyò kay la, si kay la pa deja gen youn.



Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

1. MA EPHT: <https://matracking.ehs.state.ma.us/Health-Data/Carbon-Monoxide-Poisoning.html>
2. EPA: <https://www.epa.gov/indoor-air-quality-iaq/carbon-monoxides-impact-indoor-air-quality>
3. U.S. Centers for Disease Control (U.S. Sant pou Kontwòl Maladi): <https://www.cdc.gov/co/>
4. MA Department of Fire Services safety & legal requirements (Egzijans anrapò ak sekirite ak egzijans legal Depatman Sèvis Dife MA a fè): www.mass.gov/eopss/agencies/dfs/osfm/pubed/fs-topics/carbon-monoxide-safety.html

Kalite Lè Deyò a



Ki sa k sal lè deyò a?

Polisyon nan lè a soti nan machin, kamyon, izin kouran, faktori, ak lòt aktivite komèsyal e endistriyèl. Polisyon nan lè a ka gen ladan l:

- Lafimen ki rete anba a (lafimen vil)
- Polisyon ki gen kras (kras ki toupiti ki nan lè a)
- Lè toksik (kèk gaz, flit likid, ak kras)



Èske polisyon nan lè a gen yon efè sou sante moun?

Polisyon ki nan lè a ka kontribye anvè:

- Souf kout, tous, ak difikilte pou respire
- Kriz kadyak ak pwoblèm kè
- Pwoblèm asmatik ak pwoblèm nan poumon
- Moun ki malad nan kè ak poumon ka mouri anvan lè
- Plis risk pou fè sèten kalite kansè

Gen kèk gwoup moun ki pi sansib devan polisyon ki nan lè a. Gwoup moun sa yo gen ladan yo timoun, granmoun, moun ki asmatik, ak moun ki malad nan kè oubyen poumon. U.S. Òganizasyon Pwoteksyon Anviwònmanal la (EPA ann anglè) fikse limit sou nivo polisyon ki nan lè deyò a, yon fason pou pwoteje sante moun.



Ki sa m ka fè?

1. Note si gen wout ki gen anpil trafik, izin kouran, oswa lòt sous polisyon nan zòn nan.
2. Fè rechèch epi siveye sous enfòmasyon sou polisyon ki nan lè zòn nan.
 - MA EPHT Community Profile (Pwofil Kominotè): www.mass.gov/dph/matracking
 - EPA AirNow (epi ou ka enskri pou w jwenn anons nan imè ou): www.airnow.gov
 - MassDEP: www.mass.gov/eea/agencies/massdep/air/quality/
3. Chèche konnen si ou menm oubyen manm fanmi w sansib anvè polisyon.



Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

1. U.S. Environmental Protection Agency (U.S. Òganizasyon Pwoteksyon Anviwònmanal)
 - Bagay ki sal lè a: <https://www.epa.gov/criteria-air-pollutants>
 - Bagay toksik ki nan lè a: <https://www.epa.gov/haps>
2. MA EPHT: <https://matracking.ehs.state.ma.us/Environmental-Data/Air-Quality/index.html>
3. MDPH Asthma Prevention and Control Program (Pwogram Prevansyon ak Kontwòl Asm): <https://www.mass.gov/asthma-prevention-and-control>

Dechè Toksik



Ki sa dechè toksik ye?

Dechè toksik se dechè ki ka nui sante moun ak anviwònman an. Li ka antre nan lè a, nan sòl la, oswa nan dlo a, soti nan pwosesis fabrikasyon, depotwa ki mal fèt, bagay ki tonbe atè, ak moun k ap jete fatra ilegalman.



Èske dechè toksik ki nan zòn nan gen yon efè sou sante m?

Nenpòt risk pou sante moun depann de:

- Si w an kontak ak pwodui chimik la (pa egzanp, si w bwè dlo ki kontamine oswa si w touche tè ki kontamine)
- Kantite pwodui chimik ki antre nan kò w
- Jis nan ki pwen pwodui chimik la toksik

MassDEP egzije yo netwaye yon andwa ki gen dechè toksik si l poze danje pou sante moun. Si w gen enkyetid, pale ak medsen w ak Konsèy Sante ki nan zòn ou.



Ki sa m ka fè?

1. Mande mèt teren an pou nenpòt danje li konnen ki gen nan zòn nan
2. Mache toutotou katye a epi pale ak fiti vwazen w yo. Note nenpòt depotwa oubyen izin ki toupren.
3. Mande Konsèy Sante ou a pou plent abitan ki nan zòn nan te depoze.
4. Fè rechèch sou kote yo jete fatra nan zòn nan ak kondisyon anviwònman an:
 - National Priority List Superfund sites (Lis Andwa “Superfund” ki Priyorite Nasyonal): <https://www.epa.gov/superfund/superfund-national-priorities-list-npl>
 - MassDEP andwa yo netwaye dechè toksik: <http://www.mass.gov/eea/agencies/massdep/cleanup/sites/>
 - MA EPHT: www.mass.gov/dph/matracking
 - EPA Envirofacts (Ransèyman sou Anviwònman an): <http://www.epa.gov/enviro>
 - Ransèyman sou Lwa sou Rediksyon Itilizasyon Pwodui Toksik): <http://turadata.turi.org>

Seri Maladi



Ki sa seri maladi ye nan yon katye?

Gen kèk zòn ki gendwa sanble yo fè sèten maladi pi souvan, tankou kansè, oswa dyabèt/sik. Pakonsekan, gen kèk abitan ki sispèk gen yon danje anviwònmantal nan zòn nan. Sepandan, anpil fwa lè gen anpil maladi nan yon sèl zòn, sa pa biza. Kapab gen yon to maladi ki wo akoz:

- Faktè ki gen rapò ak jan kominote a viv, tankou anpil moun ki fimen oswa ki manje manje ki pa bon pou kò a
- An mwayèn, popilasyon an granmoun
- Yo teste pou maladi plis nan zòn sa a
- Sa jis rive pa aza



Ki faktè ki ka ogmante chans pou m fè maladi?

Gen diferan faktè ki ka kontribye anvè maladi. Pa egzanp, chans pou w fè kriz kadyak gen rapò ak jenetik, laj, fason w viv, ak anviwònman an. Faktè anviwònmantal yo depann de kantite, dire, ak kote w ekspozè ak polisyon an. Pa egzanp, respire gwo kantite nan yon sèten polisyon gendwa ogmante chans pou w fè maladi kè, men touche ti kantite gendwa pa fè sa.



Ki faktè sosyal ki gen yon efè sou sante?

Faktè sosyal ki gen efè sou sante nou se nan ki kondisyon nou viv, nou al lekòl, nou travay, e nou jwe. Fatkè pèsònèl, faktè sosyal, ak faktè ekonomik (tankou revni ak edikasyon) ka fè sèten gwoup moun gen plis risk pou yo fè maladi. Pa egzanp, moun ki pa gen yon gwo revni gendwa pa gen bonjan aksè ak swen sante ki ka fè prevansyon pou maladi oswa yo ka pa jwenn manje ki bon pou kò a. Pakonsekan, gen plis risk pou yo malad. Oubyen tou, timoun k ap viv nan kay ki pi ansyen gendwa gen plis risk pou yo anpwazonnen ak plon. Pou w jwenn plis enfòmasyon, al gade www.cdc.gov/socialdeterminants/.



Ki kote m ka jwenn statistik sou maladi pou zòn mwen an?

Sit wèb MA EPHT a (www.mass.gov/dph/matranking) gen enfòmasyon ak ransèyman sou kondisyon sante ki vin apre yo:

- ALS (SLA an fransè)
- Asm
- Tibebe ki malfòme
- Kansè
- Monoksid kabòn
- Timoun ki anpwazonnen ak plon
- Kriz kadyak
- Strès chalè
- Timoun ki fè dyabèt/sik
- To repwodiksyon

Lòt Resous

1. U.S. Environmental Protection Agency (U.S. Òganizasyon Pwoteksyon Anviwònmantal): <https://www.epa.gov/environmental-topics>
2. U.S. Centers for Disease Control (U.S. Sant pou Kontwòl Maladi): https://www.cdc.gov/nceh/lead/publications/final_companion_piece.pdf
3. U.S. Department of Housing and Urban Development (U.S. Depatman Lojman ak Devlopman Vil): https://portal.hud.gov/hudportal/HUD?src=/program_offices/healthy_homes/healthy_homes
4. U.S. National Institute of Environmental Health Sciences (U.S. Enstiti Nasyonal Syans Lamedsin Anviwònmantal): <https://www.niehs.nih.gov/health/topics/agents/index.cfm>
5. American Lung Association (Òganizasyon Poumon Ameriken): <http://www.lung.org/our-initiatives/healthy-air/indoor/indoor-air-pollutants/>
6. Massachusetts Department of Environmental Protection (Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal Massachusetts): <https://www.mass.gov/guides/safely-manage-hazardous-household-products>
7. Massachusetts Environmental Public Health Tracking (Kontwòl Sante Piblik Anviwònmantal Massachusetts): <https://www.mass.gov/dph/matracking/>

